**दिन–मंगलवार** **दिनांक–06.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

दिल्ली उच्च न्यायालय आईआरसीटीसी घोटालाक मामिला मे निचला अदालतक आदेश पर रोक लगेबा सँ नकारि देलक अछि। न्यायमूर्ति स्वर्ण कांता शर्मा राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादवक याचिका पर सीबीआई सँ जबाव मांगलनि अछि। याचिका मे तेजस्वी प्रसाद यादव आईआरसीटीसी घोटाला मे अपन विरूद्ध आरोप के चुनौती देने छलाह। मामिलाक अगिला सुनवाई चौदह जनवरी के होयत। विदित अछि जे पछिला वर्ष अक्टूबर मे लालू प्रसाद, हुनक पत्नी राबड़ी देवी आ पुत्र तेजस्वी प्रसाद यादव आ एगारह आन लोकक विरूद्ध धोखाधड़ी, आपराधिक षड़यंत्र आ भ्रष्टाचारक आरोप तय कयने छल।

---

कृषि विभाग मखानक खेती के प्रोत्साहित करबाक लेल नव किसान के अनुदान देत। विभाग ई योजना कटिहार, पूर्णियां, दरभंगा, मधुबनी समेत सोलह जिलाक किसान लेल शुरू कयलक अछि। एहि योजनाक अंतर्गत पहिल वर्ष लेल छत्तीस हजार तीन सय पचहत्तरि टाका प्रति हेक्टेयरक दर सँ देल जायत। एकर अंतर्गत पहिने बीया लेल आ बाद मे पौधारोपण लेल राशि देल जायत। एक किसान के न्यूनतम शून्य दशमलव दू पांच एकड़ आ अधिकतम पांच एकड़क खेती लेल अनुदान भेटत।

---

दोसर दिस एग्री स्टैक परियोजनाक अंतर्गत किसानक निबंधन लेल संपूर्ण प्रदेश मे विशेष अभियान शुरू भेल अछि। कृषि मंत्री रामकृपाल यादव जनौलनि जे ई अभियान नओ जनवरी धरि चलत।

---

बिहार राज्य कर्मचारी चयन आयोगक अध्यक्ष आलोक राज अपन पद सँ त्यागपत्र दऽ देलनि। अपन नियुक्तिक पांच दिन बादे ओ एहि पद सँ त्यागपत्र देलनि अछि। सामान्य प्रशासन विभाग के पठाओल अपन त्यागपत्र मे ओ एकर निजी कारण कहलनि अछि।

---

पटना उच्च न्यायालयक नवनियुक्त न्यायाधीश संगम कुमार साहू काल्हि अपन पद आ गोपनीयताक शपथ लेताह। पटनाक लोकभवन मे आयोजित कार्यक्रम मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां हुनका शपथ दियौताह।

---

संपूर्ण प्रदेश कड़गर ठंढ़ाक चपेट मे अछि। दिन मे रौद निकललाक बादो सर्द पछवा हवाक प्रभाव सँ कनकनी बढ़ल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अधिकांश स्थान पर न्यूनतम तापमान दस डिग्री सेल्सियस सँ नीचा चलि गेल। आइ चारि दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग भागलपुरक सबौर प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला पांच दिन मे न्यूनतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि आओर कम भऽ सकैत अछि। काल्हि प्रदेशक उत्तरी आ दक्षिण–पश्चिमी भाग मे किछु स्थान पर शीतदिवस हेबा के लऽकऽ चेतावनी जारी कयल गेल अछि। संगहि, उत्तरी भाग मे कतहुं–कतहुं घनगर कुहेस लागबाक संभावना अछि।

---

मैथिली अकादमी समेत आनो भाषाई अकादमी के सुदृढ़ करबाक वास्ते पछिला दिन चेतना समिति आ आनो संगठन दिस सँ पटना मे धरना देल गेल। धरना कार्यक्रम मे चेतना समितिक अतिरिक्त विद्यापति सेवा संस्थान, मैथिली साहित्य संस्थान आ मिथिला सांस्कृतिक विकास समितिक अतिरिक्त आनो संगठनक पदाधिकारी आ कार्यकर्त्ता भाग लेलनि।

---

मधुबनी कांग्रेस कार्यालय मे आइ कार्यकर्त्ताक दू गुटक मध्य भेल हिंसक झड़प मे एक नेता के गंभीर चोट लागलनि। जखनकि एक कार्यकर्त्ता के अचानक तबीयत खराब हेबाक बाद निजी अस्पताल मे भर्ती कराओल गेलनि। हंगामाक क्रम मे कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम आ वरिष्ठ नेता शकील खां सेहो उपस्थित छलाह। ई दुनू नेता पछिला विधानसभा चुनाव मे पार्टीक हार के कारणक समीक्षा करय मधुबनी गेल छलाह।

---

नेपालक काठमांडू मे भेल एक सड़क दुर्घटना मे बिहारक तीन व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि। मृतक के बलिया थाना क्षेत्रक सादीपुर निवासी बिट्टु कुमार आ नगर परिषद क्षेत्रक बलिया निवासी अरविंद कुमार तथा पटना जिलाक बाढ़ निवासी रजनीश कुमार के रूप मे चिन्हल गेल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार ई सभ गोटे काठमांडूक पशुपति नाथ मंदिर दर्शन लेल गेल छलाह।

———————————————————————

पूर्णियांक सांसद पप्पू यादव पूर्णियां मे अंतर्राष्ट्रीय कौशल केन्द्र बनेबाक लेल केन्द्र सरकार सँ मांग कयलनि अछि। एहि संबंध मे ओ केन्द्रीय कौशल विकास आ उद्यमिता मंत्री जयंत कुमार चौधरी के एक ज्ञापन सौपलनि।

———————————————————————

होली पर यात्री लोकनि सुविधा लेल परिवहन विभाग एक सय उनचास बसक परिचालन करत। ई बस दिल्ली, पंजाब, उत्तर प्रदेश, हरियाणा आ पश्चिम बंगाल सँ विभिन्न शहर लेल चलत।

———————————————————————

समाप्त